



## Reponn ak yon Lèt pou Fwod



**KESYON: Mwen te aplike pou yon lisans epi mwen resevwa yon lèt nan men RMV konsènan fwod. Kisa l ye?**

Yon "lèt pou fwod" se yon lèt RMV voye ba ou pou enfòmasyon w lisans ou an bloke selon yon lwa ki genyen nan Lwa Jeneral Massachusetts la ki rele "Complaint Fraudulent License/ID" (Plent pou fo lisans oswa kat idantite) Sa vle di RMV repere yon pwoblèm nan aplikasyon lisans ou an, epi li bloke lisans lan jiskaske pwoblèm nan rezoud. **Malgre nan lèt la yo mansyone "fwod" sa pa nesèsman vle di ou komèt yon fwod, sa sèlman vle di RMV kwè kapab genyen yon fwod.** Li enpòtan pou w konsève lèt sa yon kote ki an sekirite paske w ap bezwen l pou pwograme yon odyans sizanka ou ta swete rezoud pwoblèm nan.

Nan fen dokiman sa a w ap jwenn egzanp kòman yon Lèt pou Fwod prezante.

**NÒT: Si w resevwa yon lèt pou fwod, men ou te gentan gen yon lisans, ou dwe sispann kondi imedyatman.**

**KESYON: Poukisa mwen te resevwa yon lèt pou fwod?**

Genyen plizyè rezon ki kapab lakoz ou resevwa yon lèt pou fwod. Rezon ki prezante pi souvan yo se:

- Ou te itilize enfòmasyon yon lòt moun pou w aplike pou yon lisans oswa yon lòt pyès idantifikasyon nasyonal
- Yon lòt moun itilize non w pou aplike pou yon lisans
- Ou te aplike pou yon plak machin avèk idantite yon lòt moun.
- Ou te itilize yon pyès idantite etranje (tankou yon kat idantite/lisans/yon kat peyi orijin ou) RMV pa rekonèt
- Ou te aplike pou yon kat idantifikasyon òdinè san lisans

**KESYON: Ki konsekans sa genyen lè w resevwa yon lèt pou fwod?**

Selon sa ki di nan lèt la, ou ka pa gen dwa kondi yon machin oswa aplike pou yon lisans pandan yon dire ki pa detèmine, jiskaske w rezoud kesyon fwod sa a. Tanpri fòk ou konnen responsab imigrasyon yo ap konnen egzistans lèt sa a lè w aplike pou ajisteman estati w. Kidonk, li enpòtan pou w rezoud pwoblèm fwod la yon fason pou w evite tout pwoblèm avèk responsab imigrasyon yo nan tan ki gen pou vini yo.

**KESYON: Kòman m ka rezoud pwoblèm fwod la?**

Pou w rezoud pwoblèm fwod la, ou menm, oswa avoka w la (si w gen youn) ap bezwen pwograme yon odyans avèk RMV. Tanpri fòk ou konnen genyen diferan etap ou ka suiv si w gen yon avoka, [men ou pa bezwen yon avoka pou w rezoud pwoblèm sa a.](#)

**KESYON: Kòman m ka pwograme yon odyans**

SI W PA GEN AVOKA, w ap bezwen voye yon imèl nan [Massdot.enforcementservices@dot.state.ma.us](mailto:Massdot.enforcementservices@dot.state.ma.us) avèk dokiman ki pi ba yo atache avè l. Yon odyans se yon opòtinite pou ou menm ak yon ajan ekzekisyon RMV diskite sou akizasyon ki mansyone nan lèt pou fwod la, epi pwononse yon penalite.

SI W GEN YON AVOKA, avoka ou a ap gen pou kontakte RMV nan adrès ki vin annapre a: [Massdot.enforcementservices@dot.state.ma.us](mailto:Massdot.enforcementservices@dot.state.ma.us).

**KESYON: Ki dokiman m bezwen genyen?**

Pou w pwograme odyans lan, w ap bezwen dokiman ki vin annapre yo. W ap bezwen soumèt dokiman sa yo nan adrès imèl ki mansyone pi wo a anvan odyans lan. Si w gen yon avoka, avoka w la ap soumèt dokiman sa yo nan adrès imèl ki pi wo a. Pa bliye ou sipoze voye dokiman sa yo bay Ajan Ekzekisyon RMV a menm si w te gentan voye yo anvan sa.

- Devan ak dèyè lisans oswa kat idantite peyi orijin ou an
- Yon Sètifika Nesans oswa Paspò
- Deklarasyon Absans Nimewo Sekirite Sosyal: Deklarasyon sa ap endike ou pa t janm gen okenn nimewo sekirite sosyal. **Tanpri pa bliye [Deklarasyon Absans Nimewo Sekirite Sosyal](#) sa a dwe notarye.**
- Yon prèv adrès ki twouve l nan lis dokiman RMV aksepte yo. Ou ka jwenn fòmilè prèv adrès ki aksepte yo [la](#).
- Lèt RMV ou te resevwa a

**NÒT:** Yon pyès idantifikasyon oswa dokiman ki nan yon lang etranje dwe tradui selon egzijans RMV yo. Ou kapab jwenn egzijans yo [la](#).

**KESYON: Mwen te pwograme yon odyans kisa k ap pase kounye a?**

Odyans lan ap fèt atravè yon apèl telefonik. RMV ap rele ou menm oswa avoka ou a nan jou ak lè randevou a. Nan apèl sa a, w ap

- Konnen poukisa w te resevwa yon lèt pou fwod;
- Konnen si gen nenpòt lòt akizasyon ki depoze kont ou devan yon tribinal penal oswa RMV
- Reponn kesyon ajan ekzekisyon RMV a avèk franchiz epi eksplike onètman sitiyasyon an jan l te pase a, san w pa bliye okenn detay. Si w refize admèt ou te itilize yon pyès idantite ki pa t pyès idantite pa w, alòske ou te fè sa vre, sa p ap ede dosye ou a nan okenn fason; epi
- Resevwa yon penalite

**KESYON: Kisa k ap pase aprè odyans lan?**

Ajan ki responsab odyans lan ap di w sa w ap bezwen fè pou w jwenn yon lisans **Si sispansyon an se sèl pwoblèm ou te genyen, penalite a posib pou l se yon amann \$500, ak yon sispansyon pandan yon peryòd sis (6) mwa avèk posiblite pou w aplike pou yon lisans oswa reyaktive lisans ou an.** Men, si w gen lòt pwoblèm, egzanp kontravansyon ki pa peye, ou kapab gen pou w peye amann adisyonèl.

Otomatikman odyans lan fini epi yo pwononse yon penalite pou pwoblèm nan, w ap bezwen tann pandan yon peryòd sis (6) mwa epi peye amann nan nan moman w ap reyaplike pou yon lisans. **Pa bliye ou pa oblije peye amann nan jiskaske w ap aplike oswa w ap reyaktive lisans ou an.**